

# TATA PANGIBADAH MINGGU ADVEN 4 – GKJ AMBARRUKMA

**19 DESEMBER 2021**

**Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB**

**Pepanthen Nologaten, jam 08.00 WIB**

(Warni liturgis ungu, simbol/logo Salib+Jangkar)

1. **Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori**

2. **Liturgos :**

“Pasamuwan kinasih, minangka Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma, kula ngaturaken sugeng rawuh dhumateng Bapak, Ibu, lan Sadherek sadaya, ingkang nindakaken pangibadah wonten ing dalem pamujan, ugi ngaturaken salam karaharjan dhumateng Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang nindakaken pangibadah lumantar giyaran live streaming wonten ing kanal youtube GKJ Ambarrukma.

Nyuwun kawigatosan sawetawis, wontenipun pawartos Minggu Sangalas Desember Kalih Ewu Selikur, ingkang badhe kula waosaken saperangan (**maosaken pawartos...**). Jangkeping pawartos sumangga saged dipun waos lumantar pawartos online ingkang saged kaunduh mawi QR code, ingkang dipun tayangaken wonten layar live streaming utawi ingkang sampun kacawisaken lumantar grup whatsapp.

Bapak, Ibu saha Sadherek kinasih, ngemutaken malih bilih atur pisungsung saged kelebetaken wonten ing kanthong utawi kothak ingkang sampun kacawisaken wonten ing kori ngajeng grejo saderengipun pangibadah kawiwitan.

Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang kinasih, sumangga kita purwakani pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi angka kalih pada setunggal, kalih, lan tiga, Allah MahaSuci. (KPJ 2 : 1, 2, 3) .....Pasamuwan kula aturi jumeneng.....**

- (1) Allah Maha suci, kula asung puji ing pangibadah puniki agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya. Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.
- (2) Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya kawula nlangsani dosa. Mugih angapunten sarta nucèkaken, temah gesang kula ayam. Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.
- (3) Dhuh Allah Mamirah, sru adrenging manah. kula sami nyadhong berkah. Nggih sabda kang suci, sabdanipun Gusti: kang paring gesang sejati. Pinuji Roh Suci kang ngénggalken budi nilar gesang lami.

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam kalajengaken ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, lan saksampunipun Pengkotbah mapan ing mimbar, Imam nyumet lilin ungu 3 iji lan lilin jambon 1 iji, kangge simbol minggu adven 4)*

### 3. **Votum tuwin Salam Karaharjan**

(*Pasamuwan Jumening*)

- Pandhita : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**  
**Amin.....Amin.....Amin**

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

### 4. **Lektor : Waosan Sabda Introitus : Mikha 5 : 1 – 4a**

Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**

Pasamuwan : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

### 5. **Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti, pawartos kabingahan sampun kita tampi, awit badhe rawuhipun Sang Mesih, Juru Wilujeng ingkang badhe ndadosaken kita sadaya tansah kadunungan tentrem rahayu. Sumangga kita luhuraken asmanipun kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi angka tigang atus wolung dasa gangsal. Kita kidungaken kaping kalih “Srengenge Nyunar” (KPJ 385)****

Srengenge nyunar kanthi mulya;  
manuke ngoceh klawan rena;  
angine midit ana ing wiwitan;  
kewane bebungah ing pasuketan.  
Kabeh padha muji Allah kang loma;  
kabeh padha muji Allah kang loma.

### 6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Galatia 6 : 9 - 10**

### 7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Bapak, Ibu, saha para Sadherek kekasihipun Gusti Yesus, wongsal-wangsul Gusti tansah paring pemet dhumateng kita, bilih kita kedah tansah migatosaken para sadherek ing sakiwa tengen kita, kanthi pakaryan-pakaryan ingkang sae. Namung minangka umat ingkang kebak momotaning gesang, kita asring nglirwakaken punapa ingkang dados dhawuhipun Gusti. Pramila sumangga kita sami nelangsani punapa ingkang dados kekirangan kita wonten ngarsanipun Gusti kanthi sowan lan ngaturaken pamratobat kita. Kita cawiskaen manah kanthi rerepen saking **Kidung Pasamuwan Kristen angka satus seket sanga pada setunggal lan sekawan : Sang Kristus Maha Asih (KPK 159 : 1, 4)**

(1) Lamun sira sangsara  
krana rehing dosa  
yogya pasrah mring Gusti  
dyan linuwaran yekti,

Refr:  
Sang Kristus Maasih  
mring tyang kang ringkih  
ywa mamang ngayoma  
temah sira tentrem raharja.

(4) Yen sira kasusahan rinoban panandhang,  
sumendhea mring Gusti sira mesthi kinanthi,.....Refr:

## 8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sumangga kita sami nelangsani sadaya kalepatan kita wonten ing Gusti, kita lumebet ing pandonga pamratobat:

“Gusti Allah ingkang suci sarta langgeng, kanthi andhap asor kawula sowan wonten ing Ngarsa Paduka Gusti, swawi ngaturaken panelangsa kawula awit kawula kebak ing dosa. Kawula taksih asring nglirwakaken punapa ingkang dados dhawuh Paduka, inggih punika nresnani Paduka lumantar kawula tresna dhumateng sesami kawula. Pramila kawula pasrahaken sadaya gesang kawula Gusti, supados linuwaraken saking sadaya pangrehing panandhang dosa. Gusti kawula ringkih tanpa daya, pramila kawula namung saged sumendhe dhumateng kasantosaning Asma Paduka, supados kauwalaken saking sadaya panandhang, satemah saged nglampahi gesang kanthi tentrem raharja.

Atur pamratobat kawula punika, kawula unjukaken wonten Ngarsa Paduka lumantar Gusti Yesus Kristus ingkang maha welas asih. Amin.”

## 9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Yesaya 42 : 3

## 10. Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Ibrani 12 : 12 - 14

11. Liturgos : “Pasamuwan ingkang tansah dipun tresani Gusti, saestu Gusti Allah mboten nilar dhumateng kita, Gusti tansah njagi gesang kita supados tansah langkung sae. Pramila sumangga kita sami lumampah kanthi kebak ing kayekten, satemah ingkang nandhang karibedan, saged dipun uwalaken saking sadaya panandhang. Kita sanggemi kanthi repening **Kidung Lami satus tigang dasa tiga pada setunggal lan tiga “Pamarta Kula” (Kidung Lami 133 : 1, 3).....** (*Pasamuwan kula aturi jumeneng*)

(1) Aku duwe Pamarta  
Lah saiba begjaku  
Aku dadi kagungane  
Wah Gusti ya duwekku

Refr:  
Duwekku, duwekku  
Gusti Yesus Pamartaku  
Sun dadya kagungannya.

(3) Nadyan sun aneng peteng, wah kasusahan kalbu  
Nging Gustiku dhatan ewah, tansah dadya duwekku.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

## 12. Wedharing Sabdanipun Gusti

(Pasamuwan Lenggah)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Pandhita : maosaken Lukas 1 : 39 - 45

c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Maranata.**

**Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |**

**Mara-nata Mara-nata Mara-na - ta**

d) Irah-irahan: **“Pepanggihan Nglangkungi Karapuhan”**

## 13. Pisungsung

**Imam** : “Pasamuwan kinasih, sasampunipun mirengaken sabdanipun Gusti, kita sampun mangertos, lumantar pepanggihan kaliyan Gusti, karapuhaning manah kita saged kagantos dening kabingahan.

Minangka panuwun sokur awit sabdanipun Gusti, sumangga kita aturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken lan sampun kita lebetaken kanthong utawi kothak nalika pangibadah dereng kawiwitan. Pisungsung wekdal punika wonten tigang kanthong, kanthong 1 lan 2 kagem pasamuwan, lan kanthong 3 kagem panyengkuyung dana griya emeritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken amplop sinerat katerangan lajeng dipun lebetaken dhateng kotak utawi salah satunggaling kantong.

Tetales pisungsung wekdal punika kapethik saking kitab **Jabur tigang dasa ayat gangsal (Jabur 30 : 5)** ingkang suraosipun mekaten: **“Pada ngidungna masmur kagem Sang Yehuwah, he para wong kang dikasihi, sarta padha nyaosna pamuji sokur marang asmane kang suci.”**

Sumangga kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen satus wolung dasa gangsal pada setunggal lan kalih “Pisungsung Konjuk Mring Allah” (KPK 185 : 1, 2)**

- (1) Konjuk mring Kang Maha agung kawula sung pisungsung  
cihnaning bingahing manah wit berkahing Allah  
sumengka wah sinengkera lan temen rineksa  
dadya srana munpangati mrih kamulyaning Gusti.
- (2) Konjuk Allah kang Maluhur kawula saos sokur,  
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,  
dalah gesang kula mugi kagem dening Gusti,  
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.

## 14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

15. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sadherek kekasihipun Gusti, seserengan kaliyan sadaya umat ingkang pitados ing salumahing bumi, sumangga seserengan kita pocapaken **Pangaken Pitados Rasuli...**pasamuwan kula aturi jumeneng....

- a) Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- b) Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- c) Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- d) Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- e) Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- f) Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- g) Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- h) Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- i) Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- j) Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- k) Tanginipun raga.
- l) Sarta gesang langgeng.

16. **Pandhita : Paladosan Berkah**

17. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng ..... lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi suka bingah awit kasarasan tansah wonten ing kita sadaya. Kagem munggel rante penularan Covid-19 sumangga kita patrapaken 5M wonten ing gesang padintenan. Pangibadah katutup kanthi repening kidung “**Pra Kanca Padha Elinga pada setunggal lan kalih**”

- (1) Pra kanca padha elinga, urip neng donya ra langgeng. Kaya kembang suket ing ara-ara. Sedhela mekar endah, sedhela maneh alum, wusana garing tanpa guna.

Refr:

Delengen jagade akeh bencana, pratandha wes cedhak rawuhe.

Padha mratobata Yesus margane. Kaswargan, kamulyan cumawis mring kowe.

- (2) Ngabekti padha ngabektia, lumpukna bandha ing swarga. Awit bandha ing donya ora langgeng. Neng donya akeh durjana, lan akeh rayap renet. Ngabekti padha ngabektia.....Refr: